Bhaibheri re vana
Rikukupai

Mwari anoropafadza Josefa



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: M. Maillot; Lazarus
Rakatorwa na: M. Maillot; Sarah S.
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2014 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Mambo vakaisa Josefa mujeri zvakanga zvisina kodzero. Josefa akateerera nokubatsira paakanga ari mujeri. Mutariri wejeri akavimba kuti Josefa acharonga vose vakanga vari mujeri. Jeri rakava nzvimbo inofadza munhu wese nokuti Mwari akanga aina Josefa.

Mubiki nemudiri wamambo vakanga vari mujeri. Rimwe zuva, Josefa akabvunza akati, "Ko nei musingafari?"

Varume vakanga vachinetsekana vakapindura vakati, "Hapana munhu anokwanisa kutsanangura hope dzatarota."

Josefa akati,

"Mwari vanogona. Ndiudzei zvamarota."

Josefa akati kune mudiri, “Hope dzako dzinoreva kuti mushure mamazuva matatu, uchadzokera kunoshandira Farao. Uzondirangarira, uye ukumbire Farao kuti andiburitse mujeri.”

Asi hope dzomubiki dzakanga dzisina kunaka. Josefa akati, "Mushure mamazuva matatu, uchafa."

Hope dzose dzakaitika sezvakanga zvataurwa naJosefa.

Asi mudiri wamambo akakanganwa Josefa. Rimwe zuva Farao akamuka "achinetsekana akati," Ndarota hope asi kunyangwe varume vane uchenjeri havakwanise kudzidudzira. Ipapo mudiri akarangarira Josefa akanga ari mujeri, achibva ataurira Farao.



Ipapo Farao akatuma varanda kuti vaende kunotora Josefa. Josefa akati, "Hope dzako ishoko rabva kuna Mwari. Ijipita ichava nemakore manomwe okuguta, achateverwa nemakore manomwe enzara chaiyo."

Josefa akarayira Farao akati, “Rongai kuti mutange kuchengeta chikafu mumakore manomwe okuguta, nokuti vanhu vanofa nenzara mumakore manomwe achatevera kana musina chikafu. Farao akataura akati,” Mwari anewe Josefa.

Uchava mukuru muIjipita uri pasi pechigaro changu choushe.

Makore manomwe okuguta akapfura, achibva ateverwa nemakore manomwe enzara. Chikafu chakanga chiri chishoma kune dzimwe nzvimbo, asi kwete kuIjipita kwavakanga vangwara vakachengeta zvokudya. Kunyika kwaJosefa kwakanga kuri kure uye vanhu vakanga vachifa nenzara.

Vanhu vakabva kunyika dzakasiyana vachienda kuIjipita kunotenga zvokudya. Jakobho akarayira vanakomana vake achiti, "Endai kuIjipita munotenga zviyo nokuti tinofa nenzara."

Vanakomana vake vakasvika kuIjipita vachibva vagadzirira kunotenga zviyo.

Vanakomana vaJakobho vakapfugama pamberi pamambo akanaga ari muIjipita. Havana kuziva kuti akanga ari Josefa, asi Josefa akaziva. Mwari vakanga varemekedza Josefa.

Josefa akanga aine uchenjeri.
Akataura navo achibva achengeta
Simiyoni somusungwa.

Akataura akati, “Torai zviyo muende kunyika kwenyu, asi mudzoke nomunin’ina wenyu, kuti ndizive kuti hamuna kuuya kuzoona kuti nyika yakashama papi.”

Vakoma vaJosefa vakafunga kuti
Mwari akanga achivaranga nokuti
vakanga vatengesa Josefa
somusungwa makore akanga
apfura.

Jakobho nevanakomana vake vakashamisika. “Tapiwa zviyo asi mari yedu yadzoswa. Uye mambo weIjipita akumbira kuti tidzoke naBhenjamini.”

Jakobho haana kubvuma kuti Bhenjamini aende. Mushure menguva, chikafu chakapera. Vanakomana vakadzokera kuIjipita naBhenjamini.



Josefa akaona Bhenjamini, achibva audza vashandi vake kuti vagadzirire mabiko. Vakoma vake vakauya kumabiko. Josefa akabvunza akati, "Baba venyu vachiri vapenyu here?" Zvichida akanga achifunga kuti mhuri yose igare pamwe chete.

Josefa akanga achida kuziva kuti vakoma vake vakanga vaine urombo here nezvavakanga vaita makore apfura. Mushure mokunge mabiko apera,

Josefa akapomera vakoma vake kuti vakanga vaba.

Josefa akati, “Mubairo wenyu ndowekuti ndichangeta Bhenjamini somushandi wangu.” Judha akakumbira akati, “Tenzi wangu, torai ini panzvimbo yaBhenjamini.”

Josefa akaziva kuti Judha, akanga aronga kuti Josefa atengeswe, akanga achinja.


Josefa haana kukwanisa kuramba achinyepera mhuri yake. Akakumbira vashandi vake vakanga vari vemuIjipita kuti vabude panze.

Josefa akabva atanga kuchema. "Ndini munin'ina wenyu Josefa wamakatengesa kuIjipita makore akapfura." Vakoma vake vakashamisika
vachibva vatadza kutaura.


Josefa akakurudzira vakoma vake achiti, "Mwari
akandiremekedza kuno kuIjipita kuti ndizokubatsirai panguva yenzara. Chiendai munotora baba vangu. Ndichakuchengetai."

Jakobho naJosefa vakasangana kuIjipita, mhuri yose ichibva yagara pamwe chete.

Mwari anoropafadza Josefa

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mavambo 39-45

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130


Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16